

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar kana hasil analisis data ieu panalungtikan ngeunaan modél *Round Table* dina pangajaran nulis artikel, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- a. Kamampuh nulis artikel siswa kelas XII IPA-1 SMA Negeri 6 Kota Cimahi taun ajar 2023/2024 saméméh maké modél *Round Table* kagolong kana kritéria kurang kalawan rata-rata 57,4. Ieu hal katitén tina peunteun unggal aspèk anu masih kurang nyaéta 1) Struktur artikel nu rata-ratana 24,62 tina maksimal 40, jeung 2) Basa Tulis dina Artikel nu rata-ratana 32,77 tina nilai maksimal 60. Hartina siswa can maham kana Struktur Artikel jeung Basa Tulis dina Artikel.
- b. Kamampuh nulis artikel siswa kelas XII IPA-1 SMA Negeri 6 Kota Cimahi taun ajar 2023/2024 sanggeus maké modél *Round Table* kagolong kana kritéria cukup kalawan rata-rata 79,22. Ieu hal katitén tina peunteun unggal aspèk anu geus cukup nyaéta 1) Struktur artikel nu rata-ratana 32,74 tina maksimal 40, jeung 2) Basa Tulis dina Artikel nu rata-ratana 46,48 tina nilai maksimal 60. Hartina siswa geus maham kana Struktur Artikel jeung Basa Tulis dina Artikel.
- c. Aya ningkatna kamampuh nulis tèks artikel siswa Kelas XII IPA-1 SMA Negeri 6 Kota Cimahi taun ajar 2023/2024 antara saméméh jeung sanggeus make modél *Round Table* katitén tina hasil rata rata ti pre-test ka post-test, rata-rata peunteunna ti 57,4 jadi 79,2.
- d. Aya béda anu signifikan tina kamampuh nulis artikel siswa kelas XII IPA-1 SMA Negeri 6 Kota Cimahi taun ajar 2023/2024 antara saméméh jeung sanggeus maké modél *Round Table* katitén tina hasil uji normalitas jeung uji hipotésis.

#### **5.2 Implikasi**

Ieu panalungtikan mangrupa salasahiji ékspérimén anu dipiharep bisa jadi bahan pilihan pikeun guru dina prosés diajar pangajaran basa Sunda, hususna keur pangajaran nulis artikel. Dumasar kana hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun, katitén yén modél *Round Table* miboga implikasi anu positif dina pangajaran nulis

artikel siswa di sakola. Dilarapkeunna modél *Round Table* dina prosés diajar bisa numuwuhkeun jeung ngaronjatkeun gawé bareng anu hadé, komunikasi anu hadé ogé boh antar siswa boh siswa jeung guru, diajar adil, diajar wani ngomong, sarta ngaronjatkeun dina kahirupan sosialna.

### 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan di luhur, panalungtik miboga rékoméndasi pikeun pamaca saperti ieu di handap.

- a. Pikeun guru, dipiharep modél *Round Table* bisa jadi bahan ajar pilihan (*alternatif*) dina pangajaran lianna, hususna pangajaran basa Sunda;
- b. Pikeun panalungtik lianna, dipiharep aya panalungtikan séjénna anu leuwih bisa ngajembaran ngeunaan modél *Round Table*.